

**KI DWA MWEN GENYEN PANDAN YON
ARESTASYON ICE
EPI KI DOKIMAN MWEN TA DWE POTE
SOU MWEN**

Deklarasyon: Konseye sa a se pa konsèy legal epi li pa ranplase konsèy yon ekspè nan imigrasyon.

Avèk dezyèm Administrasyon Trump, Imigrasyon Ameriken ak Ranfòsman Ladwàn (ICE) ka eseye kenbe ak depòte anpil moun ki pa sitwayen. Si ICE kanpe w oswa arete ou:

- OU GEN DWA POU W RETE AN SILANS. Nenpòt bagay ou di - yo ka itilize sa kont ou.
- Ou pa oblige reponn okenn kesyon, menm si se yon ofisyèl federal imigrasyon ki mande w.
- Ou pa oblige siyen anyen, menm si se yon ofisyèl federal imigrasyon ki mande w.
- Ou pa oblige bay pèmisyon pou yon moun antre lakay ou sof si yo gen yon manda jidisyèl. Yon manda jidisyèl se yon manda ke yon jij te siyen, se pa yon manda yon ofisyèl imigrasyon.
- Si yo kanpe w deyò lakay ou, ou ka mande si w lib pou al fè wout ou. Si yo di wi, ou ka al fè wout ou kè poze.
- Ou toujou gen dwa pou rete an silans sou ki peyi ou fèt, sou estati ou ak imigrasyon, ak kijan ou te antre Ozetazini. Sa a se verite kèlkeswa NENPÓT ofisyèl lapolis oswa gouvènman ki ta mande w.

Se posib yon rankont ak ICE kapab lakoz anpil estrès ak pè. Ou sipoze konnen ki dokiman ou ta dwe pote tout tan avèk ou si ou chwazi pou montre yo bay ofisyè ICE la pandan yon rankont. Sa yo se rekòmandasyon an jeneral, yo pa kapab ranplase konsiltasyon ak yon ekspè imigrasyon ki kalifye.

- Menm si ou se sitwayen oswa ou pa sitwayen, ou gen dwa pou elimine nenpòt karakteristik ID Figi ou ki sou telefòn selilè ou. Ou gen dwa pou pa ouvè oswa bay aksè nan telefòn selilè ou pandan w ap pale ak ICE. Nenpòt enfòmasyon ICE jwenn nan selilè ou yo ka itilize kont ou.
- Ou gen dwa pou refize bay nenpòt ofisyèl gouvènman an aksè a sa ki nan telefòn selilè ou (tankou modpas ou oswa ouvè telefòn ou pou enspeksyon) nan.
- Kenbe dokiman enpòtan sou telefòn selilè ou ka lakòz ofisyèl gouvènman yo jwenn kopi yo. Kenbe kopi dokiman enpòtan ou yo nan yon kote ki an sekirite, tankou yon imèl ki gen modpas-pwoteje oswa lòt aparèy depo elektwonik ki gen sekirite.
- Tou depan de sitiyasyon imigrasyon ou, ou ta dwe kenbe sèten dokiman enpòtan avèk ou. Tanpri gade tablo ki anba a. Memorize nimewo telefòn avoka imigrasyon ou/ defansè ak/oswa moun ou fè konfyans. Ou ka vle kenbe yon kopi nimewo telefòn avoka ou / defansè ou oswa moun ou fè konfyans nan bous ou.
- Pa mache ak okenn fo dokiman sou ou.

Ki estati imigrasyon mwen?	Ki dokiman mwen ta dwe pote avèk mwen?
Sitwayen ameriken (naturalize, sòti, oswa akeri nan nesans)	Ou pa oblige pote idantifikasyon sou ou. Men, si yo pa idantifye ou kòrekteman kòm yon sitwayen ameriken, yo ka kenbe ou epi pran anprent ou pandan ICE oswa lapolis ap eseye detèmine idantite w.
Rezidan Pèmanan Pegal ("moun ki gen kat vèt ")	Ou ta dwe pote kat rezidan pèmanan legal ou sou ou (kat vèt). Ou ta dwe toujou kenbe yon kopi an papye kat ou (kopye devan ak dèyè l) nan yon kote ki an sekirite, epi tou kenbe yon foto oswa yon lòt kopi elektwonik (kopye devan ak dèyè l) sou telefòn ou oswa òdinatè ou.
Mwen pa gen estati imigrasyon pèmanan men mwen gen yon Dokiman Otorizasyon Travay Valab ("pèmi travay")	Ou ta dwe pote Kat Pèmi Travay ou sou ou. Ou ta dwe toujou kenbe yon kopi an papye kat ou (kopye devan ak dèyè l) nan yon kote ki an sekirite, epi tou kenbe yon foto oswa yon lòt kopi elektwonik (kopye devan ak dèyè l) sou telefòn ou oswa òdinatè ou.
Mwen pa gen estati imigrasyon pèmanan, men mwen te depoze yon aplikasyon nan Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Ameriken (USCIS)	Si ou gen yon avi apwobasyon pou aplikasyon sa a (men ou pa gen yon kat pèmi travay), ou ta dwe pote avi apwobasyon sa a sou ou. Si ou gen yon avi ki di ou te resevwa yon Bona Fide Detèminasyon oswa Aksyon Difere an koneksyon avèk yon aplikasyon ki annatant, ou ta dwe pote avi sa a sou ou. Si ou resevwa yon resi avi nan Sèvis sitwayènte ak Imigrasyon Ameriken pou yon aplikasyon ki annatant, ou ta dwe pote avi sa a sou ou. Ou ta dwe kenbe yon kopi an papye resi avi ou ak nenpòt lòt dokiman ki gen rapò ak imigrasyon nan yon kote ki an sekirite, epi tou kenbe foto oswa lòt kopi elektwonik ki sou telefòn ou oswa òdinatè ou.
Mwen pa gen estati imigrasyon pèmanan men mwen gen yon Odyans Tribunal Imigrasyon kap vini.	Ou dwe pote avi odyans tribinal imigrasyon sa a sou ou. Ou ta dwe kenbe yon kopi an papye avi odyans ou an ak nenpòt lòt dokiman ki gen rapò ak imigrasyon nan yon kote ki an sekirite, epi tou kenbe foto oswa lòt kopi elektwonik ki sou telefòn ou oswa òdinatè ou.
Mwen pa gen estati imigrasyon pèmanan epi okenn lòt opsyon ki mansyone pi wo a aplike a mwen, men mwen te Ozetazini pou plis ke de ane.	Ou ta dwe pote prèv prezans fizik ou nan peyi sa a pandan 2 dènye ane sa a yo.* Sa vle di kopi: <ul style="list-style-type: none"> • IDNYC ak/oswa lòt dokiman idantifikasyon ki soti nan NYC, lekòl, oswa eta NY • Kontra lwaye, deklarasyon lwaye, resi lwaye • bòdwo sèvis publik yo

	<ul style="list-style-type: none"> • dosye medikal • dosye lekòl yo • korespondans ou resevwa pa lapòs ki adrese a ou. • nenpòt lòt bagay avèk non ou, adrès ou, ak dat li. <p>Sonje ke ou pral bezwen mete dokiman sa yo ajou chak mwa yo montre prezans ou nan Etazini pandan de dènye ane yo tout tan.</p> <p>* Rezon ki fè 2 ane yo enpòtan se paske nan yon politik elaji ki rele Depòtasyon Ekspedye. Sa ka kite ICE kenbe ak depòte ou san yo pa bawou chans pou defann tèt ou devan yon Jij Tribunal Imigrasyon si ICE panse ou te isit pou mwens ke 2 zan. Si ICE kenbe ou pou rezon sa a epi ou pè retounen nan peyi orijin ou, ou ta dwe di ofisyè a imedyatman ke ou pè retounen epi mande yon Entèvyou Pè Kredib.</p>
<p>Mwen te Ozetazini pou mwens ke de zan.</p> <p>Mwen pa gen estati imigrasyon pèmanan, e pa gen okenn lòt opsyon pi wo a ki aplike a mwen.</p>	<p>Ou pa bezwen pote sou ou okenn dokiman an patikilye, tankou nenpòt dokiman ki montre prezans fizik ou Ozetazini.</p> <p>Nou pa rekòmande pou pote dokiman ki idantifye nasyonalite oswa peyi orijin ou.</p> <p>Sonje ke ou gen dwa pou rete an silans, e ke ou pa oblige reponn okenn kesyon nenpòt ofisyèl imigrasyon oswa nenpòt lòt ofisyè lalwa poze ou.</p> <p>Men, si ICE kenbe ou epi ou pè retounen nan peyi orijin ou, ou ta dwe di ofisyè a imedyatman ke ou pè retounen nan peyi ou epi mande yon Entèvyou Pè Kredib.</p>